



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AVÈTI NOUYÒKÈ YO KONSÈN CHALÈ DANJERE WEKEND SA A

*Avi pou chalè a anvigè jiska dimanch soti Vil New York rive Rejyon Kapital la; valè endis chalè ki elve nan pase 100 degre oswa plis*

*Pifò nan Eta New York te prevwa wè gwo chalè ak tanpèt ki potansyèlman sevè pandan wikenn lan*

**Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo pou yo vizite sant refwadismaneijonal yo, rete andedan kay epi tcheke vwazen ki vilnerab yo**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te avèti Nouyòkè yo sou kondisyon chalè danjere, ki te kòmanse afekte Eta a madi e ki pral dire pandan wikenn nan. Yo prevwa tanperati ki wo ak kondisyon imid, espesyalman depi Rejyon Kapital la pou desann nan Hudson Valley rive nan Vil New York. Rès Eta a pral kontinye wè tanperati cho pandan plizyè jou kap vini yo ak chans pou yo izole tanpèt loraj sevè wikenn sa a. Sèvis Meteyo Nasional (National Weather Service) la espere valè endis chalè ki pral depase 90 degre atravè pifò Eta a, ak zòn soti nan Albany rive nan Vil New York ki prevwa rive oswa depase 100 degre dimanch.

"Nouyòkè yo ekstrèmman rezistan, men nan sa ki gen pou wè ak chalè ak imidite ekstrèm pandan ete a, gen mezi ki bezwen pran pou rete an sekirite tankou rete andedan kay, diminye itilizasyon elektrisite ak kenbe nou idrate." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou bezwen pou tout moun rete an vijilan wikenn sa a, siveye nenpòt siy maladi ki gen rapò ak chalè epi pran swen youn lòt. Sant refwadisman yo ouvri atravè Vil New York, epi mwen ankouraje tout moun ki bezwen èd pou yo rete fre pou yo pwofite avantaj resous sa yo."

**Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a, Jackie Bray, te deklare,** "Malerezman, chalè ekstrèm lan poco fini ak New York. Nou prevwa chalè ap kòmanse bese madi, men jiska lè sa a, Nouyòkè yo ta dwe veye pou yo rete fre. Limite aktivite entans deyò yo, rete idrate, veye pou fè asire w ke bèt ou yo pa deyò pou peryòd tan elaij a, epi asire w konnen siy maladi yo ki gen rapò ak chalè a."

Nouyòkè yo ta dwe siveye previzyon meteyowolojik lokal yo pou dènye enfòmasyon yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon meteyo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasional la (National Weather Service).

Depatman Sante Eta New York la raple Nouyòkè yo tou ke chalè a se premye ansasen ki gen rapò ak move tan nan Etazini. Yo ka evite lanmò ak maladi ki gen rapò ak chalè, poutan, chak ane anpil moun soufri efè chalè ekstrèm. Gen kèk moun ki gen plis risk pou maladi ki gen rapò ak chalè pase lòt. Nouyòkè yo ta dwe aprann faktè risk ak sentòm maladi ki gen rapò ak chalè pou pwoteje tèt yo ak pwòch yo.

Sentòm kou chalè yo enkli:

- Po cho, sèk, wouj
- Yon batman rapid
- Respirasyon rapid ak lejè
- Yon tanperati kò ki pi wo pase 105 degré
- Pèt vijilans, konfizyon, ak/oswa pèt konesans.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon tou sou kote ou ka jwenn yon [sant refwadisman](#) toupre ou ak lòt konsèy sou gwo chalè ki itil, lè w ale sou [pajwèb](#) meteyo ijans Depatman Sante Eta New York la.

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Biblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Li enpòtan pou publik la kontinye chèche fason pou diminye itilizasyon elektrisite yo. Li enpòtan tou pou rezidan yo rete fre epi rete idrate. Lè nou pran mezi kounye a, nou ka diminye izaj elektrisite pandan vag chalè a pandan n ap rete an sante ak an sekirite."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Chalè ekstrèm ka danjere pou nenpòt moun, men chak Nouyòkè ka aprann kijan pou pwoteje tèt yo ak moun yo renmen yo kont maladi ki gen rapò ak chalè yo lè yo prepare yo. Rekonèt siy maladi yo epi reponn rapidman enpòtan anpil pou evite konsekans sante grav ki kapab genyen akoz chofaj eksesif. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo swiv konsèy Gouvènè Hochul pou yo pare pou chalè ak imidite nan pwochen jou yo: Tcheke move tan nan zòn ou an, aprann sentòm maladi ki gen rapò ak chalè a, epi konnen ki kote pou ale si oumenm oswa fanmi ou bezwen refwadi nan yon sant refwadisman."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Pandan vag chalè sa a ap kontinye atravè eta a epi afekte kalite lè a nan vil New York ak rejjyon Long Island lan, li enpòtan pou nou sonje konsèy enpòtan sou sekirite yo. Lè nou limite aktivite deyò, espesyalman pou moun ki gen pwoblèm respiratwa epi redwi itilizasyon elektrisite chak fwa sa posib, nou ka kenbe fanmi nou yo an sekirite epi ede anviwònmnan nou an."

## Preparasyon Ajans

## **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la ap kontwole kondisyon meteyo yo, enkli chalè ekstrèm ak move tan, kominike avèk administratè ijans lokal yo atravè eta a epi kowòdone nenpòt bezwen repons ajans Eta a ki soti nan men gouvènman lokal yo. Rezèv Eta a prepare pou deplwaye resous pou sipòte misyon yo jan sa nesesè.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la ap siveye kondisyon sistèm elektrik yo ak sipèvize repons konpayi sèvis piblik pou nenpòt sitiyasyon ki ka prezante akòz gwo chalè ak potansyèl aktivite loraj semèn sa a. DPS te an kontak dirèk ak lidè sèvis piblik yo pou asire yo ap prepare sistèm yo pou chalè ekstrèm la epi yo pral swiv kondisyon sistèm yo pandan tout evènman an. Si nesesè, DPS pral aktive Pwogram Rediksyon Gwo Chaj (Peak Load Reduction Program) pou tout ajans Eta New York yo; Operatè Sistèm Endepandan New York (New York Independent System Operator, NYISO) la pral aktive Pwogram Demann Repons Dijans volontè a pou redui chaj yo jan sa nesesè; epi konpayi sèvis piblik New York yo gen anviwon 5,500 travayè disponib, jan sa nesesè, pou angaje nan evalyasyon domaj, efò repons, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou sitiyasyon chalè sa. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan reyion ki gen pi gwo enpak yo.

### **Konsèy pou Chalè yo**

Gwo chalè se kòz prensipal ka lanmò ki asosye avèk chalè epi ki kapab evite, sitou pamí granmoun aje yo. Dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), chalè lakòz plis pase 600 ka lanmò ki te kapab evite nan Etazini chak ane. Pou ede Nouyòkè yo rete an sekirite pandan gwo chalè yo, Gouvènè a te ofri konsèy sa yo:

### **Rete Prepare**

- Pran prekosyon pou evite fatig chalè se yon bagay enpòtan, epi sa gen ladan ajiste orè ou pou evite deyò pandan èdtan ki pi cho nan jounen an epi modifye rejim alimantè ou ak konsomasyon dlo ou lè sa posib.
- Diminye aktivite entans ak egzèsis, espesyalman soti nan 11 a.m. rive 4 p.m., ki se lè limyè solèy la pi frape.
- Egzèsis ta dwe fèt byen bonè nan maten, anvan 7 a.m.
- Manje mwens pwoteyin epi plis fwi ak legim. Pwoteyin yo pwodwi epi ogmante metabolis chalè, ki koze ke ou pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje bagay ki sale.
- Bwè omwen 2-4 vè dlo pa è lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.
- Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan è-kondisyon. Solèy la chofe nwayo anndan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen èkondisyon, rete nan etaj ki pi ba, pa rete nan solèy la, oubyen ale nan yon biling piblik ki klimatize

- Si ou oblige soti deyò, mete krèm solè ki gen yon wo nivo faktè pwoteksyon kont solèy (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou.
- Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.
- Pa janm kite timoun yo, bêt domestik, oswa moun ki gen bezwen swen espesyal yo nan yon veyikil ki estasyone, espesyalman pandan peryòd chalè entans nan sezon ete a. Tanperati ki anndan yon veyikil ki fèmen kapab depase rapidman 140 degre Fahrenheit. Ekspozisyon nan tanperati ki wo konsa kapab touye ou nan kèk minit sèlman.
- Fè yon efò pou voye je sou vwazen ou yo pandan yon vag chalè, sitou si yo se granmoun, si yo gen timoun piti oswa ki gen andikap. Asire ou gen ase manje ak dlo pou bêt domestik ou yo.
- Ekpozisyon ki pwolonje a chalè kapab danjere epi potansyèlman fatal. Rele 911 si ou menm oswa yon moun ou konnen montre siy oswa sentòm maladi chalè, tankou tèt fè mal, etoudisman, kranp miskilè, kè plen oswa vomisman.

## Konsève Elektrisite

Lè nou pran mezi entelijan pou diminye itilizasyon enèji, espesyalman pandan peryòd demand maksimòm yo, sa non sèlman ede diminye chaj maksimòm Eta a, men tou li ekonomize lajan konsomatè yo nan moman kote elektrisite a pi chè. Pou redwi itilizasyon enèji, an patikilye pandan peryòd kritik yo, yo ankouraje konsomatè yo pou yo pran kèk nan mezi konsèvasyon enèji ki gratis oubyen ki pa koute anpil lajan ki pral site la yo:

- Fèmen rido yo, fenèt yo ak pòt nan kay ou an nan kote ki gen solèy yo pou redwi chalè solèy.
- Etènn aparèy èkondisyone yo, limyè yo ansanm ak lòt aparèy yo lè ou pa lakay ou epi itilize yon kwonomèt pou limen aparèy èkondisyone a anviwon trant minit avan ou rive lakay ou. Itilize kab kouran avanse pou ka prensipalman “etènn” tout aparèy yo epi konsève enèji.
- Vantilatè yo kapab fè ou santi chanm yo vin pi fre nan 10 degre, epi itilize 80 poustan mwens kouran pase èkondisyone yo.
- Si w ap achte yon èkondisyone, chèche yon modèl ki sètifye ENERGY STAR, ki itilize jiska 25 poustan mwens enèji pase yon modèl estanda.
- Mete aparèy èkondisyone w la sou 78 degre oubyen pi wo pou w kapab fè ekonomi sou valè depans pou rafrechisman ou an.
- Mete aparèy èkondisyone an nan yon fenèt santral, olye nan yon fenèt ki nan kwen, pou pèmèt lè a sikile pi byen.
- Konsidere mete aparèy la nan direksyon nò, lès oubyen nan kote ki pi gen lonbraj nan kay ou an. Aparèy èkondisyone ou an pral gen pou travay pi di epi itilize plis enèji si li ekspoze dirèkteman bay reyon solèy yo.
- Bouche espas ki alantou aparèy èkondisyone a ak kalfetraj pou evite lè fre yo soti.

- Netwaye vantilatè kondansatè yo ak woulo yo pou ka pèmèt aparèy èkondisyone w la kontinye mache yon fason efikas, epi verifye filtè a chak mwa epi ranplase li lè sa nesesè.
- Itilize aparèy tankou machin a lave, a seche, machin pou lave vesò, ak fou yo nan maten oubyen ta nan aswè. Sa pral ede tou redwi imidite ak chalè nan kay la.
- Itilize anpoul ki sètifye ENERGY STAR ki pa itilize anpil kouran, olye anpoul limyè enkandesan estanda yo, epi ou ka itilize 75 poustan mwens enèji.
- Prepare manje nan mikwo-onn lè sa posib. Mikwo-onn yo itilize anviwon 50 poustan mwens enèji ke fou nòmal yo.
- Seche rad yo sou liy pou seche rad. Si wap itilize yon machin a seche, sonje pou ou pwòpte filtè pelich machin a lave an chak fwa avan ou ranpli li.
- Rete atantif sou diferan fason w ap itilize dlo nan kay ou. Olye pou ou itilize 30 a 40 galon dlo pou ou benyen, enstale yon bouch douch dlo ki pa fè koule anpil dlo, ki itilize mwens ke 3 galon pa minit.
- Lè w bese konfigirasyon tanperati a sou machin alave epi rensaj la sou dlo frèt, sa ap diminye enèji ou itilize.
- Gen konsèy adisyonèl sou jan pou konsève enèji ki disponib sou sit entènèt NYSERDA a [isit la](#).

### Sekirite pou Dlo

Moun ki sou bato yo ta dwe asire yo ke yo pran prekosyon sekirite ki apwopriye lè y ap pwofite de pakèt opòtinite nan bato yo ke Eta New York gen pou ofri. Biwo Sèvis Maritim Pak Eta a yo ap raple plezansye yo pou yo pratike navigasyon bato Iwazi nan fason sekirité ak responsab, ki gen ladan:

- Mete yon dispozitif flotman pèsonèl nenpòt lè yo sou dlo. Lwa eta mande pou timoun yo ki anba laj 12 zan mete yon aparèy flotman pandan yo nan yon bato;
- Konplete yon kou sou sekirite navigasyon bato.
- Ekipé ak enspekte bato yo nan fason apwopriye.
- Kenbe yon vitès pridan.
- Evite melanje alkòl avèk navigasyon bato.
- Tcheke sitiyasyon meteyo a anvan ou ale sou dlo pou w aprann si gen posibilité pou tanpèt epi chèche abri sou rivaj yo toutswit si ou tande loraj.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sekirite nan bato, ki enkli yon lis fòmasyon sou sekirite nan bato yo, ak divètisman maritim nan Eta New York, klike [isit la](#).

Chalè estival yo kapab lakòz fòmasyon ozòn nivo tè a, ki se yon konpozan majè nan smog fotochimik lan. DEC ak DOH pral bay plizyè avi sou kalite lè a pandan metewolojis DEC yo prevwa ke nivo polisyon yo swa ozòn oswa ti patikil piti yo, ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se yon valè 100. Ou ka jwenn enfòmasyon sou previzyon kalite lè a pou Eta New York [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418